

Nouvo Lalwa sou Imigrasyon? Poko!

Pa gen okenn nouvo pwogram imigrasyon. Avoka ki onèt p ap fè w pwomès sikse ni ofri ede w jwenn benefis imigrasyon ki poko disponib. Yo p ap pran kòb nan men ou jiskaske gen yon nouvo lalwa sou imigrasyon. Tchèque avèk yon avoka imigrasyon ki fyab pou wè si pwogram sa yo oubyen lòt disponib pou w menm:

DACA: Moun ki te antre peyi Etazini antake timoun gen dwa kalifye. Pou w aprann plis, vizite: unitedwedream.org/dacaisback OUBYEN ilrc.org/daca-demystified

ETA TANPORÈMAN PWOTEJE (TPS): Moun ki sòti kèk peyi espesifik, tankou Venezyela, Lasiri, Bimani, ak Ayiti gen dwa kalifye. Vizite ilrc.org/tps-venezuela-overview OUBYEN uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status.

JISTIS IMIGRASYON POU REFIJYE LIBÈYEN (LRIF): Moun peyi Liberi ki elijib gen dwa kapab jwenn alyènkat (kat vè). Pou plis enfòmasyon, vizite: undocublack.org/lrifresources

KIJAN POU JWENN ÈD LEGAL?

- ✓ Chèche yon founisè sèvis legal ki fyab toupchè kote w ye a: bit.ly/ianimmhelp
- ENPÒTAN:** Evite notè ak konsiltan imigrasyon. Yo pa kapab founi okenn sèvis legal.
- ✓ Lè w pale avèk yon avoka, mande yo prezante w dokiman pa yo ki sòti asosyasyon legal leta a.
- ✓ Ou mèt pale avèk plizye avoka epi deside aprè sa. Ou pa oblije aksèpte prèmye a.
- ✓ Pa siye anyen si w pa konprann li.
- ✓ Mande yon lis ekri ki dekri egzakteman sa ke reprezantan legal ou pral fè ak konbyen sa pral koute w.
- ✓ Kenbe yon kopi orijinal tout sa w ap bay reprezantan legal la.

KIJAN POU PWOTEJE TÈT MWEN?

- Pa angaje pèsonn ki:
- ✗ Fè w pwomès l ap jwenn ni sikse ni yon pèmi pou travay.
 - ✗ Refize bay w yon kontra ekri.
 - ✗ Eseye fè w paye fòmilè imigrasyon ki vid, paske yo
 - ✗ Eseye fè w paye mete non ou sou yon lis ki ap tann nouvo lalwa imigrasyon an. Pa genyen okenn lis!
 - ✗ Pale kòm si li gen kontak espesyal nan gouvènman an.
 - ✗ Aji kòm si se yon avoka avèk kalifikasyon li ye san li pa
 - ✗ Pran kòb nan men ou san li pa rann sèvis li pwomèt yo.
 - ✗ Mande w bay manti sou nenpòt fòmilè oubyen siye yon dokiman ki vid. Si w fè sa, yo gen dwa pa janm aksèpte aplikasyon imigrasyon ou epi ou gen dwa sibi konsekans
 - ✗ Kenbe dokiman orijinal ou nan men li oubyen mande lajan pou l bay w yo.
 - ✗ Refize ni reponn kesyon ou poze l yo ni eksplike pwosesis lan.
 - ✗ Dekouraje w pou w egzèsè dwa w yo.